



Pou Piblikasyon Imedya: 20/01/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL DEKLARE ETA IJANS POU KONTE KE TANPÈT NÈJ EFÈ
LAK AFEKTE YO**

***Eta Ijans lan gen ladann Konte Chautauqua, Cattaraugus, Erie, Niagara, Orleans,
Genesee, Wyoming, Allegany, Jefferson, Lewis, Oswego, Oneida ak Konte
vwazen yo***

***Deklarasyon an pèmèt Eta Nouyòk kowòdone ak kominote lokal yo k ap reponn
ak tanpèt nèj efè lak aktyèl la***

***Kominote ki toupre Lak Ontario yo ta ka resevwa jiska 90 cm (3 pye) nèj ak jiska
60 cm (2 pye) nan Lwès Nouyòk***

***Tanperati ki pi frèt jiskaprezan ane sa a pral afekte pifò Eta a;
Tanperati y ap santi ka rive nan -31.6 degre Celsius (25 degre Fahrenheit)***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke li te deklare yon Eta Ijans nan konte Chautauqua, Cattaraugus, Erie, Niagara, Orleans, Genesee, Wyoming, Allegany, Jefferson, Lewis, Oswego, Oneida ak konte vwazen yo, ki pral pèmèt Eta a kowòdone epi pataje resous ak gouvènman lokal ki afekte nan tanpèt nèj Efè Lak aktyèl la. Sa gen ladan Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta a, ki pral bay minisipalite yo ki afekte nan Eta Dijans yo asistans ki depase akò sèvis pataje ki egziste deja.

"Pandan nèj efè lak ap tonbe nan plizyè zòn nan eta nou an, m ap deklare yon Eta Ijans pou zòn sa yo pou asire resous eta a disponib pou ede kominote lokal yo pandan n ap travay ansanm pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite pandan tanpèt la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou kontinye tou fè fas ak frede ekstrèm ki poze yon risk ekstrawòdinè pou nenpòt moun ki ekspoze ak eleman yo oswa ki pa kapab byen chofe kay yo, epi mwen ankouraje tout Nouyòkè yo kontwòle previzyon lokal yo epi pran prekosyon pou kenbe tèt yo ak yo fanmi yo an sekirite."

Jodi a jiska mèkredi, gwo nèj Efè Lak pral tonbe nan zòn lès Lak Ontario ak Lak Erie. Nan Rejyon Lwès Nouyòk la, yo prevwa youn a de pye nèj sou Lak Erie nan Sid Buffalo ak zòn ki nan ekstremitè sid la, pandan Anbalavil Buffalo ka wè jiska 30 cm (1 pye). Yo prevwa 60 a 90 cm (2 a 3 pye) sou Lak Ontario nan zòn Watertown.

Vwayaj ap vin trè difisil ak vizibilite ki fèb anpil ak gwo nèj ki kouvri wout yo olaj tou de lak yo jiska mèkredi swa. To chit nèj 1-2 pous pa èdtan nan gwoup ki pi lou yo konbine avèk rafal van jiska 48 kilomèt (30 mil) alè pral diminye vizibilite.

Yo prevwa tanperati ki pi ba yo nan sezon ivè a jiskaprezan aswè a jiska mèkredi. Tanperati ki trè frèt y ap "santi" ant -17.7 9 ak -31.6 degre Celsius (0 ak negatif 25 degre F) posib atravè pifò pati Eta a jodi a jiska mèkredi, ak tanperati ki pi ekstrèm yo prevwa nan Lwès Nouyòk ak North Country.

Pou kapab jwenn yon lis konplè alèt yo, vizite sit entènèt Sèvis Meteyowolojik Nasyonal (National Weather Service) la. Nou ankouraje Nouyòkè yo pou enskri pou alèt ijans lè yo abone nan Alè NY — yon sèvis gratis ki bay enfòmasyon ijans gratis sou telefòn ak òdinatè ou.

Preparasyon Ajans

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo nan Eta Nouyòk (New York State Division of Homeland Security and Emergency Services)

Biwo Jesyon Ijans (Office of Emergency Management) Divizyon an rete an kontak ak omològ lokal li yo epi prepare pou fasilite demann pou asistans yo. Rezèv eta yo gen pèsònèl epi yo pare pou deplwaye resous entèvansyon ijans ak atik jan sa nesesè. Sant Siveyans Eta a ap siveye tras tanpèt la ak enpak yo nan tout eta a ak anpil atansyon. Vizite pou konsèy preparasyon pou ivè yo.

Depatman Transpò Eta Nouyòk (New York State Department of Transportation) la

Depatman Transpò Eta a ap entèvni kounye a avèk 3,671 sipèvizè ak operatè ki disponib nan Eta a. Tout anplwaye ki disponib sou teren yo konplètman angaje epi entèvni, epi y ap deplwaye tout ekipman repons ki disponib yo.

Pou ede ak operasyon nan Hudson Valley, yo te deplwaye 30 manm estaf, ki gen ladan 20 operatè chasnèj, sis enstriktè operatè ekipman, ak kat sipèvizè nan rejyon an soti nan lòt zòn nan tout Eta a.

Kantite ekipman ki genyen nan tout Eta a repati konsa:

- 1,641 gwo kamyon chasnèj
- 351 gwo chajè
- 159 chasnèj mwayen
- 52 remòk chasnèj
- 34 aparèy pou soufle nèj
- 20 aparèy pou fè nivèlman

Pou jwenn enfòmasyon sou sikilasyon antan reyèl, otomobilis yo dwe rele 511 oswa vizite sous enfòmasyon sou vwayaj ak sikilasyon ofisyèl Eta Nouyòk la.

Otorite Thruway (Thruway Authority)

Anplwaye Otorite Thruway yo ap siveye previzyon metewo yo epi yo pare pou entèvni avèk 688 sipèvizè ak operatè ki disponib. Kantite ekipman ak resous ki genyen nan tout eta a repati konsa:

- 354 kamyon chasnèj pwa lou ak pwa mwayen
- 10 remòk chasnèj
- 65 chajè
- 113,000+ tòn sèl disponib

Yo itilize Pano pou Mesaj Varyab ak rezo sosyal yo pou avèti otomobilis yo sou kondisyon move tan ivè pandan yo sou Thruway la.

Nouvo pou sezon nèj ak glas sa a, tout nan plis pase 250 kamyon chari pwa lou Thruway yo ekipe ak limyè danje vèt, ki konplete limyè danje koulè oranj nòminal yo. Limyè vèt yo gen entansyon amelyore vizibilite ak amelyore sekirite pandan operasyon sezon fredi, patikilyèman nan kondisyon ba limyè ak move tan. Yo ap raple otomobilis yo ke veyikil chas nèj Thruway yo kouri a yon vitès 56 kilomèt (35 mil) pa èdtan — sa ki nan anpil ka pi ba pase limit vitès ki afiche a — nan objektif pou kapab asire ke sèl yo ap dispèse a rete nan liy kote moun kondwi yo epi li pa gaye soti sou wout la. Kote ki pi pa gen danje pou chofè yo dèyè chasnèj yo kote wout la lib ak sale.

Otorite Thruway yo ankouraje otomobilis yo telechaje aplikasyon li an, ki disponib gratis sou aparèy iPhone ak Android yo. Aplikasyon an bay otomobilis yo aksè dirèk ak enfòmasyon sou sikilasyon an nan tan reyèl, kamera sikilasyon yo nan tan reyèl, ansanm avèk asistans pou navigasyon pandan yo sou wout. Otomobilis yo ka enskri tou pou imèl epi swiv X pou dènye enfòmasyon sou kondisyon sikilasyon sou Thruway la.

Depatman Sèvis Piblik nan Eta Nouyòk (New York State Department of Public Service) la

Konpayi sèvis piblik Nouyòk yo genyen apeprè 5,500 travayè disponib nan tout eta a pou angaje nan evalyasyon domaj, efò entèvansyon, reparasyon ak restorasyon atravè Eta Nouyòk, jan sa nesesè. Pèsonèl ajans lan ap swiv travay sèvis piblik yo pandan tout evènman an epi sire sèvis piblik yo voye anplwaye apwopriye yo nan rejyon ki gen pi gwo enpak yo.

Lapolis Eta Nouyòk

Lapolis Eta Nouyòk te bay enstriksyon ak Manm Patwouy yo pou yo rete vijilan epi pral deplwaye pèsonèl anplis nan zòn ki afekte yo jan sa nesesè. Tout veyikil a kat wou yo an sèvis, epi tout veyikil espesyalize yo, ki gen ladan moto nèj yo ak veyikil itilite touteren ak motonèj yo pare pou deplwaman.

Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal Eta Nouyòk la (New York State Department of Environmental Conservation, DEC)

Anplwaye Jesyon Ijans DEC, Ofisye Lapolis Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal,

Gad Forè yo ak anplwaye rejyonal yo rete an alèt epi yo ap kontinye siveye sitiyasyon ki ap devlope a ak previzyon metewo yo. An kolaborasyon ak patnè ajans yo, DEC ap prepare pou kowòdone deplwaman tout resous ki disponib tankou premye entèvenan yo nan zòn ki sible nan preparasyon pou enpak ki posib akòz nèj.

DEC raple sila yo ki responsab pou netwaye epi jete pou swiv pi bon pratik jesyon pou ede anpeche inondasyon epi redui posibilite pou gen polyan tankou sèl, sab, gaz, fatra ak lòt debri pou yo pa afekte kalite dlo a. Eliminasyon nèj nan rivyè ak kouran dlo lokal yo ka kreye baraj glas ki ka lakòz inondasyon. Operatè pou retire nèj piblik ak prive yo ta dwe okouran de pwoblèm sekirite sa yo pandan ak apre tanpèt la.

Move tan enprevizib ivè ak tanpèt nan Adirondacks, Catskills ak lòt zòn kanpay yo kapab kreye kondisyon danjere nou pa atann. Vizite yo ta dwe prepare ak bon rad ak ekipman apwopriye pou nèj, glas ak fredri pou asire yon eksperyans ivènal an sekirite. Pwofondè nèj varye anpil nan tout Adirondacks yo, ak nèj ki pi pwofon nan wo elevasyon nan rejyon High Peaks ak lòt mòn ki depase 3,000 pye yo. Santye ki gen altitud pi ba yo gen kondisyon miks nèj, glas ak labou, ki gen ladan anpil santye nan mòn Catskill kote ki gen risk pou gen kondisyon glase yo.

Pandan glas la kòmanse fòme nan kèk kouran dlo, DEC konseye amatè aktivite deyò yo pou konsilte konsiy sekirite sou glas anvan yo deplase.

Yo konseye randonè yo pou evite tanporèman tout santye ki gen altitud wo yo ansanm ak santye ki travèse rivyè ak kouran dlo yo. N ap ankouraje randonè nan Adirondacks yo tcheke paj wèb yo pou mizajou sou kondisyon santye yo, fèmti wout sezon yo, ak enfòmasyon lwazi jeneral.

Moun k ap vizite rejyon andeyò yo ta dwe fè pridans epi swiv bon jan gid sekirite. Planifye vwayaj kòm sadwa. Nan ka ijans, rele 9-1-1. Pou mande asistans Gad Forè, rele 1-833-NYS-RANGERS.

Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik la (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation)

Lapolis Pak Eta Nouyòk ak anplwaye pak yo rete alète epi y ap swiv depre kondisyon metewolojik ak enpak yo. Yo ap alimante, teste epi prepare ekipman pou repons, pou fè entèvensyon nan ka tanpèt. Vizite pak yo dwe vizite, tcheke aplikasyon mobil gratis la, oswa rele biwo pak lokal yo pou yo jwenn dènye nouvèl konsènan lè fonksyonman, lè ouvèti ak fèmti pak yo.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)